



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SESYON EKSTRAÒDINÈ LEGISLATI ETA NEW YORK LA POU GARANTI DWA EGAL NAN KONSTITISYON ETA NEW YORK LA

Eta New York pral pran mezi pou pwoteje Nouyòkè yo an repons ak desizyon Tribinal Siprèm sou dwa pou avòtman ak sekirite zam — Gouvènè a pibliye pwoklamasyon pou garanti aksè nan avòtman nan konstitisyon an nan kad sesyon ekstraòdinè a

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon pwoklamasyon ki ajoute dwa egal nan pwogram sesyon ekstraòdinè a. Eta New York pral adopte yon rezolisyon pou ranfòse dwa pou aksè nan avòtman nan Konstitisyon Eta a, anplis adopsyon lejislasyon sou sekirite zam an repons a desizyon Tribinal Siprèm Etazini an nan *NYSRPA v. Bruen*.

"Dènye desizyon Tribinal Siprèm yo te menase dwa Nouyòkè yo pou yo pran desizyon sou pwòp kò yo ak dwa nou pou pwoteje Nouyòkè yo kont vyolans ak zam, men nou refize rete san fè anyen konsa, epi nou dwe aji", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye Lidè Majorite Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble Heastie paske yo te travay lajounen kou lannwit sou mezi odasye sa yo an repons a desizyon ensousyan Tribinal Siprèm lan yo. Nou pral adopte lejislasyon pou ranfòse lwa nou yo sou pò zam kache yo, epi apiye sou pwoteksyon nasyonal nou yo pou pasyan ak founisè avòtman yo, Eta New York pral franchi yon etap san parèy nan direksyon pou garanti dwa fondamantal pou aksè nan avòtman nan Konstitisyon Eta nou an. Kite m di nou byen klè: Nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou pwoteje Nouyòkè yo".

Ou ka gade pwoklamasyon Gouvènè Hochul pou yon sesyon ekstraòdinè [isit la](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418